**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республика Дагестан**

**МКОУ "Сивухская СОШ"**

| СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|
| Заместитель директора по УВР МКОУ "Сивухская средняя общеобразовательная школа" | Директор МКОУ "Сивухская средняя общеобразовательная школа" |
| ________________ Караева Х. М. | ________________ Набиев Н. Х. |
| Приказ №67 от «01» 09 2023 г. | Приказ №67 от «01» 09 2023 г. |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**

**учебного предмета «Родная литература»**

для обучающихся 1-3 классов

**с. Сивух 2023 уч.год**

# Авар калам
# l класс (33 сагIат)

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилалги, Обществоялда инсанасул рухIияб рахъ, хьвадачIвадиялъул къагIидаби церетIеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги, Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги кьочIое росун. Жакъасеб школалда тIадаб борч ккола гIун бачIунеб гIелалъе гъваридаб ва щулияб гIелмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ хIалтIизабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби.

Гьеб масъала гIумруялде бахъинабиялъулъ кIудияб бакI ккола рахьдал мацIалъ. Байбихьул классазда рахьдал мацI малъула кIиго аслияб мурад яшавалде бахъинабизе:

l. НахъгIунтIиялъулаб мурад (мацIалъул хIакъалъулъ бугеб
гIелмуялъул аслиял бутIабазулгун лъайхъвай
гьаби ва гьелъул кьучIалда
цIалдохъабазул логикияб пикру ва гIаламаталгин символикияб бичIчIи
лъугьинаби);

2. Социокультурияб мурад (цIалдохъабазул хурхен гьабиялъулаб
бажари лъугьинаби: кIалзул ва хъвавул калам, монологияб ва диалогияб
калам, гьединго, грамматикиял гъалатIал риччачIого, хъваялъул бажари
цебетIезаби).

## Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал

**Напсиял хIасилал:**

- жиндирго ВатIаналдаса, дагъистаналъул миллатаздаса ва гьелъултарихалдаса чIухIи; жив магIарул миллаталъул чи вукIин бичIчIи;

Рахьдал мацI нилъер культураялъул аслу букIин бичIчIи ва гьелъ магIарулазул миллатазда гьоркьоб щулияб бухьен чIезабулеблъи лъай; гъалатI гьечIеб кIалзул ва хъвавул калам гIаммаб культураялъул гIаламат букIин лъай;

школалдехун ва цIалиялдехун бугеб бербалагьи цIикIкIинаби, кидаго лъикIав цIалдохъанлъун вукIине бажари;

лъикIаб даражаялда цIализеги цIализе бугеб пагьмуялъе жинцаго къимат кьезеги бажари;

цо къасдалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби;

цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.

мугIалимас кьураб къиматалда разилъи.

**Метапредметиял хIасилал:**

Учебникалда бугеб материал лъикI лъай: ай цIалул тIадкъаял тIуразаризе къваригIараб баян (информация) балагьи, суратаздалъун, схемабаздалъун кьураб баян бичIчIи; предметал дандекквей, гьезулъ гIаммал ва ратIа гьариялъул гIаламатал рихьизари;

батIибатIиял баянал (справкаби) кьолеб учебникалъул ва цIалул пособиязул материалалдаса пайда боси (мугIалимасул нухмалъиялдалъун);

диалогалъулъ гIахьаллъизе бажари (лъурал суалазе жавабал кьезе, суалал жинцаго лъезе, бичIчIулареб жо мухIкан гьабизе);

тIадкъаял тIуралаго, гьалмагъасда цадахъ хIалтIизе бажари: хIалтIаби гьариялъул ирга чIезабизе ва цIунизе, гъалатIазул хIакъалъулъ гьалмагъасда бицине, данд бан гьоркьоб лъураб суал тIубазабиялъулъ гIахьаллъизе;

кьурал мисалазда рекъон жиндирго хIалтIул хал гьабизе бажари;

мугIалимасда цадахъ малъулеб материалалъул тартиб чIезабизе бажари;
бищун кIвар бугел гIаламатал хIисабалдеги росун, предметал ва лъугьабахъинал тIелазде рикьизе ва ратIаратIаго
лъезе бажари.

**Предметиял хIасилал:**
ЦIалдохъаби ругьунлъула: кIалзулги хъвавулги калам батIабахъизе;
хIарпалги гьаркьалги ратIарахъизе;
рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIарахъизе;
гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе, гьаркьазул анализ гьабизе;
геминатал битIун абизе ва гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;
лабиалиял гьаркьал битIун абизе, гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;

# Авар адабият

## Программаялъул баян

Жакъасеб школалда тIадаб борч ккола гIун бачIунеб гIелалъе гъваридаб ва щулияб гIелмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ хIалтIизабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби. Гьеб масъала гIумруялде бахъинабиялъулъ кIудияб бакI ккола рахьдал мацIалъ.

Миллиял школазда рахьдал мацI малъиялъул аслияб мурад буго бацIцIадаб литературияб мацIалда жидерго пикру эркенго загьир гьабизе цIалдохъаби ругьун гьари (бицунги, хъванги), мацI борцин гьабулеб алаталдаса пайда боси, миллияб художествияб ва гIелмияб литература цIали ва бичIчIи.

Байбихьул классазда рахьдал мацI малъиялъул аслияб масъалалъун буго цIалдохъаби битIун бичIчIун тIехь цIализе, берцинго хъвазе, бацIцIадаб литературияб мацIалъ кIалъазе, гаргадизе ругьун гьари.

Гьелъул мурадалда гIуцIараб буго байбихьул классазе хIисаб гьабураб гьаб программаги. Программаялда гъорлъе уна цоцазда рухьарал , амма жалго жидедаго чIарал гьадинал бутIаби:

**1).** Хъвай-цIали малъи, класстун къватIисеб цIали ва калам цебетIезаби;

**2).** ЦIали классалдаги класстун къватIисеб цIали ва калам цебетIезаби;

**3).** Фонетика, грамматика, битIунхъвай ва калам цебетIезаби.

ЦIикIкIун кIвар кьезе ккола калам цебетIезабиялде, ай авар мацIалъул дарсида мугIалимасулги лъималазулги пикру буссине ккола гIемер хIалтIизарулел рагIаби

лъазариялде, гьелги гьоркьоре ккезарун, предложениял гІуцІизе, предложенияздаса хабар хурхине ругьунлъиялде (бицунги, хъванги).

Гьеб масъала тІубаялъ рес кьола бицунебги цІалулебги асаралъул аслияб магІна босизе рахьдал мацІалда босизе пикру гьабизе ва гІенеккаразда бичІчІулеб куцалда кІалъазе. Лъималазул калам цебетІезабиялда цадахъ байбихьул классазда авар мацІ лъазабиялъ кумек гьабула гьал хадусел суалал тІуразе. КІиабилеб классалда лъималаз гІисинал текстал захІматал рагІаби слогалккун цІалула. ЦІалул хехги тІоцебесеб классалда данде ккун, цо минуталда жаниб 50-60 рагІуде бахина. К1иабилеб классалъул цІалдохъабаз гІисинал харбал жидецаго цІализе байбихьула. Тексталда тІад гьабулеб хІалтІи дагьабги гъварид гьабула, ай мугІалимасул кумекалдалъун. Ц1алдохъабаз ц1алараб жоялъул аслияб пикру загьир гьабула, героязе къимат кьолел рагІаби ва предложениял рихьизарула. Лъималазул кІвар буссинабула каламалъул культура борхизабиялде, рагІул нахърател бечед гьабиялде.

## ЦІалиялъул рахъалъ цІалдохъабазул лъугьине кколеб бажари.

### ЛъагІалил бащалъи.

ГъалатІал риччачІого, текстал дурун, чвахун цІализе. Минуталда жаниб 35-40 рагІи кколеб хехлъиялда цІалдохъабаз лъай-хъвай гьабичІеб текст цІализе.

### Л ъагІалил кІиабилеб бащалъи.

БитІун, чвахун, рагІаби, слогазде рикьичІого цІализе. Минуталда жаниб гІага-шагарго 50-60 рагІи бугеб цІалдохъабаз лъай-хъвай гьабичІеб текст цІализе. Логикияб ударенияги лъун кколелъул лъалхъиги гьабун, битІун, чвахун текст цІализе.

### Тексталда тІад хІалтІи гьаби. Бухьараб калам.

МугІалимас бицараб жоялъул ва тІехьалдаса цІалараб тексталъул магІна босизе. ХІасилалда тІасан кьурал суалазе къокъго жаваб кьезе. Малъарал ва жинцаго цІаларал гІисиналго асаразулъ рехсарал лъугьа- бахъиназул тартиб ракІалда чІезабизе, героязул ишазе ва рагІабазе битІараб къимат кьезе.

Гара-чІвариялда гІахьаллъизе. Жинцаго суалал кьезе, малъарал асаразда тІасан лъурал суалазе къокъгоги гІатІидгоги суалал кьезе.

Текст бутІабазде биххизе, гьезда цІарал лъезе, цІалараб жоялъул аслияб магІна загьир гьабизе (мугІалимасул кумекалдалъун ).

МагIна гIагарал рагIаби данде кквезе; рагIул магIна баян гьабизе, цо-цо рагIабазул гIемер магIна букIин лъазе; мугIалимасул кумекалдалъун тексталъул героязул, тIабигIаталъул, лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ бицунел рагIаби ва предложениял рихьизаризе. Практикияб къагIидаялъ маргьаби, харбал, кучIдул ратIа гьаризе.

ЛъагIалида жаниб 7-8 кечI рекIехъе лъазабизе.

**ЦIали ва калам цебетIезаби**

**(анкьида жаниб 1сагIат кинабниги 34сагIат).**

**ЦIалул тематика.**

**Рии ракIалде щвезаби.**

Риидал магIарул тIабигIаталъул бицунел харбал ва кучIдул. ЧIахIиял гIадамаз ва лъималаз гьарулел пайдаял хIалтIабазул бицунел асарал.

**Меседилаб хасалихълъи.**

Хасалихъ тIабигIаталъул ва гьеб цIунияльул, бачIин бакIарияльул ва ахакь, хурзабахъ гьарулел хIалтIабазул хIакъалъулъ къокъал, пасихIал харбал ва кучIдул. ТIабигIаталде экскурсия.

**Х1анч1иги х1айваналги-- нилъер гьудулзаби.**

ХIайваназул ва хIанчIазул хIакъалъулъ кучIдул, харбал, маргьби ва биценкIаби. Гьел цIуниялда ва гьезул гIумруялда, батIербахъиялда тIасан гара-чIвари. Эркенаб захIмат-нигIматазул ицц. ЗахIматалъул, батIи-батIияб махщалил, гьединго лъималазул гIумруялъул ва пайдаял ишазул хIакъалъулъ асарал. Лъималазул рукIа-рахъиналда, хьвада-чIвадиялда тIасан гара-чIвари.

**Лъималазул гIумру ва гьезул ишал.**

Лъималазул гIумруялъул ва ишазул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, кицаби ва абиял. Лъималаз цоцазе ва чIахIиязе гьабулеб кумекалда тIасан гара-чIвари.

**Хасел — лъималазе рохел.**

Хасалил гIаламатазул, цIияб соналде гьабулеб хIадурлъиялъул, хасало лъималаз гьарулел расандабазул, хIайваназ ва хIанчIаз хасел тIамулеб куцалъул бицунел асарал. Хасалил тIабигIаталде экскурсия.

**Хъизан ва школа.**

Хъизаналъул ва школалъул, кIудиязулги гIисиназулги цоцадехун букIине кколеб гьоркьоблъиялъул хIакъалъулъ кучIдул ва харбал.

**ЛъикIлъи, хIалимлъи, хIурмат.**

ГIадамазул лъикIабги квешабги хьвада-чIвадиялъул, цоцазе гьабулеб хIурматалъул, яхI-намус бугел унго-унгоял гIадамазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул.

**Халкъияб кIалзул гьунаралъул асарал.**

КIиабилеб классалъул цIалдохъабазе мустахIикъал захIматалъул, хIайваназул, гIажаибал лъугьа-бахъиназул, лъикIлъи — квешлъиялъул бицунел халкъиял маргьаби, кучIдул, кицаби, абиял ва бицанкIаби.

**Т1абиг1ат берцинаб их.**

Ихдалил тIабигIаталъул, гьелъул берцинлъиялъул, хIайваназул гIумруялъул, хурзабахъ ва ахакь гьарулел хIалтIабазул, лъималаз гьарулел расандабазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул. Ихдалил байрамазул бицунел асарал (8 Март, оцбай ва гь.ц.) Ихдалил тIабигIаталде экскурсия.

**Росу.**

Росдал тIабигIаталъул, гIадамазул гIумруялъул, гьез гьарулел хIалтIабазул, гIухьбузул, рекьарухъабазул, ахихъабазул хIакъалъулъ асарал.

**Нилъер ВатIан.**

ВатIаналъул, шагьаразул ва росабазул, гьаваялда, ральдада ва ракъдада бахIарчилъи бихьизабурал Дагъистаналъул бахIарзазул хIакъалъулъ кучIдул ва харбал. Экскурсия «Нилъер росу», «Нилъер район».

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилазулги, обществоялда чиясул хьвада-чIвадиясул къагIидабазда бухьараб концепциялъулги, Байбихьул школалъул лъай кьеялъул федералияб пачалихъияб стандарталъулги кьучIалда.

Адабияб цIали байбихьул школалъул системаялда аслиял предметазул цояб ккола. Гьелъ рахьдал мацIалда цIалиялъул махщел ва тексталда тIад хIалтIиялъул бажари лъугьинабула, художествияб литература цIалиялде интерес бижизабула ва лъимералъе рухIияб ва эстетикияб тарбия кьезе, гьесул гIакълу цебетIезабизе квербакъула. Гьединго литературияб цIалиялъул курс тIадегIанаб даражаялда лъазабиялъ рес кьола байбихьул классазул цогидал предметазда лъикIал хIасилал рихьизаризе.

Байбихьул школалъул литературияб цIалиялъул курс буссун буго гьал хадусел мурадал тIуразариялде:

бичIчIун, битIун, чвахун ва пасихIго цIализе гъваридго лъазаби; батIи-батIиял тайпабазул текстазда тIад хIалтIизе бажаруледухъ, калам цебетIезаби; тIехьалдехун ва цIалиялдехун бугеб интерес щулалъизаби; цIалиялъул даража борхизаби ва, жалго жидедаго чIун, асарал цIалиялъулъги къваригIараб тIехь тIаса бищиялъулъги хIалбихьи букIинаби;

художествиябгин творчествоялъулаб ва нахъгIунтIиялъулаб пагьмуги, художествиял асарал цIалулаго, чидае рекIел асар загьир гьабизе бугеб бажариги цебетIезаби; рагIудехун берцинаб (эстетикияб) балагьи лъугьинаби ва художествияб асар бичIчIизе бажари;

художествиял асараздалъун байбихьул классазул цIалдохъабазул рухIияб хIалбихьи бечелъизаби; рухIияб асаралъул ва гьудуллъиялъулги, жавабчилъиялъулги, лъикIлъиялъулги, ритIухълъиялъулги хIакъалъулъ бичIчIиял куцай; Дагъистаналъул ва цогидал миллатазул культураялъул адаб-хъатир гьабизе цIалдохъаби куцай.

Байбихьул школалда предмет хIисабалда литературияб цIалиялъ лъимал цIализариялъул гуребги, гьезие тарбия кьеялъулги масъалаби тIурала.

ЦIалдохъабазул ригьалъе хасал, рухIияб ва эстетикияб рахъалъ бечедал художествиял асараз цIалдохъабазе кIудияб асар гьабула, гьел асараз квербакъула миллияб ва киналго гIадамазе, ай тIолабго инсаниятальe данде кколеб хасият куцазе.

Литературияб цIалиялъул дарсазда аслияб куцалъ кIвар кьола цIализе бугеб бажари лъугьинабиялде ва лъималазул калам цебетIезабиялде. ЦIалдохъабаз гъваридго лъазабула бичIчIун ва пасихIго цIализе, жалго жидедаго чIун, текстал цIализе; гьел ругьунлъула тIехьалъул хIасил бичIчIизе ва гьелдаса сверухъ бугеб тIабигIаталъул хIакъалъулъ щвараб лъай гIатIилъизабиялъе пайда босизе.

Литературияб курс лъазабулаго, цIалдохъабазул хурхен гьабиялъулаб культураялъул (маданияталъул) даража борхула: гьезул лъугьуна монолог ва диалог гIуцIизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, батIи-батIиял текстазда тIад хIалтIизеги, жалго жидедаго чIун, учебникалъул баян кьолеб аппаратaлдаса пайда босизеги, словаразулъ къваригIараб информация балагьизеги бугеб бажари.

Литературияб цIалиялъул дарсазда цIалдохъан ругьунлъула битIун, гъалатIал риччачIого, цIализе. БитIун, чвахун цIализе бажарулеб лъимералъе гьоркьоса къотIичIого тIахьал цIализе рокьула, гьесда лъала текстал цIалиялъул ва гьелгун хIалтIиялъул къагIидаби, гьединго гьесда бажарула цIаларал асаразул хIасил бичIчIизе, живго жиндаго чIун, жиндие къваригIараб тIехь тIаса бищизе ва гьелъие къимат кьезе.

Литературияб цIалиялъул курсалъ цIалдохъабазул художествиял асарал цIалиялде интерес бижизабула. ЦIалдохъаби ругьунлъула поэзиялъулаб рагIул берцинлъи бичIчIизе, рагIул искусствоялъул сипат-сураталъе къимат кьезе.

Къокъго абуни, «Литературияб цIали» абураб предметалъ байбихьул классазда гIемерал, кIвар бугел масъалаби тIурала ва гьитIинаб лъимер гьоркьохъеб школалда лъикI цIалдезе хIадур гьабула.

**Курсалъул гIаммаб характеристика**

ЦIалул дарсал гьарула тIоцебесеб классалдаса байбихьун (хIарпал малъулеб заман лъугIун хадуб), гьоркьоса къотIичIого, ункъабилеб класс лъугIизегIан..

ЦIалул курс гIуцIун буго магIарулазул, гIурусазул ва дагъистаналъул цогидал миллатазул хъвадарухъабазул ва шагIирзабазул художествиял асараздасан. Гьединго цIалул курсалъулъ кьун руго гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал асаралги. Художествиял ва гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал асарал дандекквеялъ квербакъула литературияб искусство жеги гьваридго бичIчIизе.

Литературияб цIалиялъул хIасил программаялъулъ гьал хадусел бутIабазде бикьун буго:

1. Каламалъул тайпаби. Каламалъул культура;
2. Тексталда тIад гьабулеб хIалтIул тайпаби;
3. Художествияб асаралда тIад хIалтIи;
4. ЦIализе кколел асарал. ЦIалиялъул культура.

ТIоцебесеб «***Каламалъул тайпаби. Каламалъул культура»*** абураб бутIаялъулъ хъвазе ва цIализе, гIенеккизе ва гаргадизе бугеб бажариялде, ай каламалъул киналго тайпаби камиллъиялде кIвар буссинабун буго.

Программаялъ тIалаб гьабулеб буго I–IV классазда щибаб цIалул дарсазда битIун, чвахун, бичIчIун ва пасихIго цIалиялъул бажари камил гьабизе.
Гьединаб бажари лъугьуна батIи-батIиял асарал, гьезул бутIаби гьоркьоса къотIичIого цIалиялдалъун.

3 классалда текстал раг1абиккун рит1ун,рич1ч1ун ва чвахун ц1алула.Ц1алулаго,логикияб ударение лъезе,кколелъуб лъалхъи гьабизе,интонация ц1унизе.Ц1алул хехлъи минуталда жаниб 50-60 раг1уде бахуна.

ЦIализе малъиялда цадахъ программаялъ кIвар буссинабула накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясда гIенеккизе, гьес бицараб жоялъул анализ гьабизе, гьелдаса аслияб, кIвар бугеб батIа бахъизе, гьединго бицараб жо мухIкан гьабизе, суалал кьезе бугеб бажари лъугьинабиялде.

Программаялда кьураб материалалъ квербакъула гаргадизе (ай жиндирго пикру загьир гьабизе, суалал лъезе ва гьезие жавабал кьезе, диалогалъулъ гІахьаллъизе, монолог гІуцІизе) бугеб бажари цебетІезабизеги. ЦІалдохъаби ругьунлъула жидеда цебе мурад лъезе, бицунеб жоялда хадуб халккезе, гьелъие къимат кьезе, цогидазухъ сабурго гІенеккизе ва гь.ц.

Программаялда кІудияб кІвар кьола хъвазе бугеб бажари цебетІезабиялдеги. ЦІалул дарсазда цІалдохъаби ругьунлъула жидецаго текстал гІуцІизе, цІаларал хабариял, сипатиял ва пикриял текстазул кьучІалда изложениял ва къокъал сочинениял хъвазе.

Программаялъул кІиабилеб бутІаялъулъ цІалдохъабаз лъайхъвай гьабула ***тексталда тІад гьабулеб хІалтІул тайпабазулгун.*** Гьел ругьунлъула текст бутІабазде биххизе, гьел бутІабазда цІарал лъезе, план гІуцІизе, цІалараб текст къокъго ва тІубанго бицине, тексталъулъ аслияб пикру жидерго рагІабаздалъун загьир гьабизе. ЦІалдохъабазда лъала текстал хабариял, сипатиял ва пикриял рукІин. Гьезда бажарула тексталъул хІасилги бетІерги цоцазда рухьизе, цІалул, гІелмиялгин нахъгІунтІиялъулал ва художествиял текстал ратІарахъизе, гьезул бугеб кІвар бихьизабизе.

Программаялъулъ хасаб бакІ ккола ***художествияб асаралда тІад гьабулеб хІалтІиялъ***. Лъимал ругьунлъула художествиял ва нахъгІунтІиялъулал текстазулъ дунял бихьизабулел къагІидаби цоцаздаса ратІарахъизе (мугІалимасул кумекалдалъун), художествиял ва гІелмиялгин нахъгІунтІиялъулал текстазул хаслъаби ричІчІизе, жалго бетІергьанал текстал гІуцІизе.

ЦІалдохъаби ругьунлъула художествияб асар бичІчІизе ва гьелъие къимат кьезе, гьеб гІелмиялгин нахъгІунтІиялъулал асараздаса батІабахъизе. Гьезда лъала художествиял асаразул хаслъаби.

Программаялда кьураб материалалда рекъон лъималаз чара гьечІого гьабизе ккола художествиял асаразул гІадатияб анализ: цин цІалдохъабаз текст тІубанго лъазабула, цинги гьеб цІалула ва гьелъул анализ гьабула, хадуб, художествиябгин эстетикияб къиматги кьун, байбихьи ва ахир, загьир гьабураб аслияб пикру тесталъул хІасилалда ва цІаралда дандеги ккун, цІидасан гьеб тексталде кІвар буссинабула.

Художествиял асаразул анализ гьабулаго, цІалдохъабаз лъугьабахъиназул тартиб чІезабула, героязулгун ва гьез гьарурал ишазулгун лъайхъвай гьабула, жидергоги авторасулги герояздехун бугеб балагьи рагьула, цІалараб жоялъул аслияб пикру загьир гьабула. Гьединаб анализалъ квербакъула моралиябгин рухІияб бечелъи (ай гьудуллъи, адаб-хІурмат, лъикІлъи ва тІалаб-агъаз гьаби щиб кколебали) бичІчІизе.

Программаялъулъ бугеб материалалъ сверухъ тӀабигӀаталдаги хӀайваназул хьвада-чӀвадиялдаги хадуб халкквеялда бухьараб бажариги цебетӀезабула.

***«ЦӀализе кколел асарал. ЦӀалиялъул культура»*** абураб бутӀаялъулъ рихьизарун руго батӀи-батӀиял темаби ва гьезда тӀасан цӀализе кколел асарал. ЦӀалдохъабаз цӀализе кколел асаразда гъорлъе уна аваразул ва цогидал миллатазул рагӀул устарзабаз хъварал, лъималазул гӀумруялде гӀагарал, гӀисинал, художествиял ва гӀелмиялгин нахъгӀунтӀиялъулал асарал.

Программаялда рекъон лъималазда лъазе ккола литератураялъул киналго аслиял жанрал: маргьаби, кучӀдул, харбал, абиял, кицаби, бицанкӀаби, драмаялъулал асарал ва гь.ц.

Гьаниб кьураб тематика байбихьул школалъул гӀелалъул лъималазде гӀагараб буго. Тематикаялъул хӀасилалъ сверухъ бугеб дунялалдехун интерес бижизабула, лъималазул кӀвар буссинабула жидерго гӀел бащадаздехун ва цӀикӀкӀараздехун, тӀабигӀаталдехун, тарихалдехун, нилъер ватӀаналъул культураялдехун бугеб гьоркьоблъиялде, гьединго тематикаялъ рес кьола батӀи-батӀиял автораз цого цо тематикаялда тӀаса хъварал асарал дандекквезе. ЦӀализе кьураб тематикаялъ лъимералъул сверухъ дунял бичӀчӀизе бугеб интерес гӀатӀилъизабула, цӀализе бугеб махщел цӀикӀкӀинабула ва цӀалиялъул культура лъугьинабула. Гьелда тӀадеги, цӀализе кьурал асараз кӀудияб кумек гьабула лъималазе рухӀиябгин эстетикияб тарбия кьезе.

## ЦӀалул планалда литературияб цӀалиялъ ккураб бакӀ

Мисалияб программаялде дандеккун учителасул х1алт1ул программаялда кьурал саг1тазул къадар дагьлъун буго (3 саг1аталдаса 1 саг1аталде щвезег1ан; кинабниги 102 саг1аталдаса 34 саг1аталда щвезег1ан).

Гьелда рекъон х1алт1ул программаялда хадусел хиса-басиял ккун руго:

| **Мисалияб программа** | **Х1алт1ул программа** |
|---|---|
| 102 саг1ат | 34 саг1ат |

## Курс лъугIун хадуб кьолел хIасилал

1. Жиндирго ВатIаналде, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатазде ва гьезул тарихалде кIудияб рокьи бижизаби.

2. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батIияб пикруялдехун цIуна-къараб балагьи бижизаби.

3. ЦIалиялдехун лъимералъул интерес бижизаби.

4. Жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби.

5. Эстетикияб бичIчIи лъугьинаби.

6. Цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.

7. Лъиданиги цадахъ хIалтIизеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебетIезаби, тIадкIалъай бугеб, дагIбадулаб ахIвал-хIалалдаса ворчIизе нух батиялъул бажари цебетIезаби.

8. Творческияб хIалтIуде гъира ккезаби, ай творческияб къагIидаялъ хIалтIизе бугеб бажари цебетIезаби.

### Метапредметиял хIасилал

1. БатIи-батIиял жанразул ва тайпабазул текстал бичIчIун цIализе ругьунлъи, текстал кIалзул ва хъвавул формаялда гIуцIизе лъай.
2. Сверухъ тIабигIаталда нахъгIунтIизеги цогидазулгун бухьен гьабизеги каламалдаса пайда боси.
3. Накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизеги, диалогалъулъ гIахьаллъизеги, батIи-батIиял пикраби рукIиналъе мукIурлъизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.
4. Предметал дандекквезе, гьезул анализ ва синтез гьабизе, гьел гIаммлъизаризе, тIелазде рикьизе ва цоцада релълъинаризе лъай.
5. Предметазул ва предметазда гьоркьор ругел бичIчIиял лъай (цоцазулгун гьоркьоблъи, маданият, творчество, тIехь, асаралъул хIасил, художествияб текст ва гь. ц.); гуманитарияl (ай инсанасул, гьесул культураялъул, тарихалъул бицунел) ва эстетикиял

(ай искусствоялда, дунялалда ва гIадамазул гIумруялда жаниб берцинлъиялъул, гьайбатлъиялъул хIакъалъулъ бицунел) предметазда гьоркьор ругел бухьенал ричIчIи.
6. ЦIалиялда цере лъурал мурадал ва масъалаби ричIчIизе ва гьел тIуразаризе лъай.
7. Цебе лъураб масъалаялда рекъон цIалиялда хурхарал хIалтIаби планалда росизе, гьезда хадуб хелкквезе ва гьезие къимат кьезе бугеб бажари лъугьинаби.
8. ЦIалулъ жиндирго лъикIал яги квешал хIасилал рихьизе бугеб бажари лъугьинаби.
9. Цебе лъураб мурад тIубаялъе гIоло цадахъ хIалтIизе бажари.

**Предметиял хIасилал**

1. Литература тIолабго дунялалъулаб ва миллияб культура гIадин бичIчIи, гьелъ рухIияб бечелъи ва гIадатал цIунулеллъи лъай.

2. ТIехь культурияб бечелъи букIин бичIчIи.

3. РагIул искусство гIадин художествиял асараздехун бербалагьи букIинаби.

4. МагIарулазул ва Россиялъул цогидал миллатазул литератураялъул рухIияб бечелъи бичIчIи.

5. Инсан цеветIезавиялъе литератураялъул бугеб кIвар бичIчIи; ВатIаналъул ва гьелъул халкъалъул, сверухъ тIабигIаталъул, культураялъул, лъикIлъи-квешлъиялъул, гьудул-гьалмагълъиялъул, ритIухълъиялъул хIакъалъулъ бичIчIи лъугьинаби; гьоркьоса къотIичIого цIалдезе кколеблъи бичIчIи.

6. ЦIалиялъул бугеб кIвар бичIчIи; цIалиялъул батIи-батIиял тайпабаздаса пайда боси (лъай-хъвай гьабиялъул, аслияб жо балагьиялъул, тIасабищул, лъазабиялъул); героязул хьвада-чIвадиялъе кьураб къимаб хIужжабаздалъун кьучIаб букIин бихьизабизеги, гьоркьоб лъураб жоялда тIаса жиндирго пикру загьир гьабизеги, текстазул батIи-батIиял тайпаби ричIчIизеги, гьезие къимат кьезеги бажари.

7. Жиндие къваригIараб литература, живго жиндаго чIун, цогидазул кумек гьечIого, тIаса бищизеги цебе букIаралдаса цIикIкIараб информация бичIчIизе ва щвезе баян кьолел тIахьал (источникал) хIалтIизаризеги бажари.

8. БатIи-батIиял текстазул анализ гьабизе, ай гIиллаялъулабгин цIех-рехалъул бухьен чIезабизеги, асаралъул аслияб пикру загьир гьабизеги, текст бутIабазде биххизеги, гьел бутIабазда цIарал лъезеги, гIадатаб план гIуцIизеги, асаралъул загьирлъи, пасихIлъи бихьизабулел алатал ратизеги, текст жиндирго рагIабаздалъун цIидасан цIализеги бажари.

# Календарно – тематическое планирование 1 класса

| № | Дата | | Тема урока | Часы | Новые слова |
|---|---|---|---|---|---|
| | По плану | По факту | | | |
| 1 | | | «Букварь»-тIоцебесеб цIалул тIехь. | 1 | Шагьар, пихъ, бакIари. тIил, гьой, оц, цо, гIака. |
| 2 | | | Калам.КIалзул ва хъвавул кал | 1 | хIазе, торгIо, расанкIаби, кьо, куй.цер, пил, лъен, нилъ. цIум, булбул, гъеду. |
| 3 | | | Предложение. | 1 | къали, лалу, аргъан. букъи, гIанкIу, гургун, хIама, ах, рас, хан, иш. |
| 4 | | | Предложение ва рагIи | 1 | Вас,вац |
| 5 | | | Слог. | 1 | ПастIан,пири. |
| 6 | | | Каламалъулъ гьаркьал. | 1 | Бакъ,бокь,дегIен,яс. |
| 7 | | | РагIабазулъ гьаркьал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. | 1 | Гама,гомог,лалу,цаби. |
| 8 | | | Слогалъулъ гьаркьал цоцалъ журай. | 1 | Таман, квелъелал,тай. |
| 9 | | | Рагьараб гьаракь А,а О,о хIарпал | 1 | Шиша,жулам. |
| 10 | | | Рагьараб гьаракь И,и У,у хIарпал | 1 | ЩвантIих,харицел,юргъан. |
| 11 | | | Рагьараб гьаракь Н,н М,м хIарпал | 1 | Эбел,эмен. |
| 12 | | | Рагьараб гьаракь Л,л Б,б хIарпал | 1 | Лъен,лълъар. Цlум,цlал,цlер. |
| 13 | | | Рагьукъаб гьаракь Г,г Р,р хIарпал | 1 | ТIалъел,ТIавус,тIох. ЧIалкIутIан,чIор. |
| 14 | | | Рагьукъаб гьаракь С,с Т,т хIарпал | 1 | Гъаплан,гъеду. Гьор,гьобо,гьоло. ГIарада,гIанса. |
| 15 | | | Рагьукъаб гьаракь Х,х З,з хIарпал | 1 | Къалам,къед. Кьили,кьегIер,кьо. |
| 16 | | | Рагьараб гьаракь Э, э хIарпал. Гьаракь Й, й хIарпал | 1 | КIаз,кIвекьмахх . |
| 17 | | | Рагьукъаб гьаракь Ж,ж хIарпал рагьарал Е,е хIарпал Рагьукъаб гьаракь К, к хIарпал. | 1 | Хъабача,хъухъадиро. Вехь,гIухьби,хьон. |
| 18 | | | Рагьукъаб гьаракь Ш,ш Щ,щ хIарпал | 1 | ХIор,хIапара |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| l9 | | | Рагьукъаб гьаракь Гl,гl<br>Тl,тl хlарпал | l | Йод,лыжаби,самолет. |
| 20 | | | Рагьукъаб гьаракь В,в<br>Кl,кl хlарпал | l | Ярагъ,рагъ,ралъад. |
| 2l | | | Рагьукъаб гьаракь Ц,ц<br>Д,д хlарпал | l | Гlазу,хасел,цlорой.<br>Гlамал,хъарпуз.Базар. |
| 22 | | | Рагьукъаб гьаракь<br>Хl,хl Гь,гь хlарпал | l | Ах,гъутlби,гъотlорklо.<br>Маргьа,гlанklуял,гlакъилав. |
| 23 | | | Рагьукъаб гьаракь<br>Лъ,лъ Ч,ч хlарпал | l | Махl,тlеметlи,klанцlур. |
| 24 | | | Рагьарал Я,я<br>хlарпал<br>Рагьукъаб гьаракь<br>Цl,цlхlарпал | l | Къотlнор,рохь.<br>Хьухь,хlухь,кини.<br>Чвахи,рокьукъаб,тушман |
| 25 | | | Рагьукъаб гьаракь П,п<br>Чl,чl хlарпал | l | Ригь,недегьаб,гьобо,гьобол<br>.<br>Устар,тlаглел,гъамас. |
| 26 | | | Рагьараб гьаракь<br>Хъ,хъ хlарпал | l | Тlикъва,рекъаб.Ралъад,гъар<br>махъал.<br>Гlуро,гугари,цlорой,хъещтl<br>еро. |
| 27 | | | Рагьукъаб гьаракь Къ,къ,<br>хlарпал | l | Килищ,гвангва,сунтlур,<br>тlом.<br>Кьуру,тlикъва,кьуру,къадал<br>.Ссанklklал,нур,сунн,тlутlу<br>н. |
| 28 | | | Рагьукъаб гьаракь Хь хь<br>хlрпал | l | Цер,ци,цlцlе. Хинкl-<br>чед,чури.<br>Гени,микьир,тlегь.<br>Руссун,сургу,магl. |
| 29 | | | Рагьукъаб гьаракь Кь,кь<br>хlарпал | l | Гьава,черх,хlисаб,сагlат.<br>Мокъокъ,сурмияб.<br>Хlапара,тlогьиллъи.<br>Лахlзат,хlикмат,къокъунел. |
| 30 | | | Рагьукъаб гьаракь Гъ,гъ<br>хlарпал | l | Тlегь,рухl.<br>Къацандана,тlирун. |
| 3l | | | Авар мацlалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал ва хlарпал.<br>Ъ гьаракь ва хlарп<br>Ь хlарп | l | Нацl,гоцlал.<br>Klутlун,гlамбар. |
| 32 | | | Рагьукъаб гьаракь Ф,Ф<br>Рагьараб хlарп Ы | l | Лазат. |
| 33 | | | Рагьарал хlарпал Ю,ю ,<br>Ё,ё | l | свак,сах. |
| | | | | | |

## Календарно-тематическое планирование 2 класса

| № | ТЕМАБИ. | Рокъобе х1алт1и | Саг1ат |
|---|---|---|---|
| 1. | Т!УГЬДУЛ.Г!айиб ккараб гъвет!. | ГЬУМ.7-8 | 1 |
| 2. | Цо къоялъ риидал. | Гьум.10 | 1 |
| 3. | Хасалихълъи художник. | Гьум.16-17. | 1 |
| 4. | Хасалихълъиялъул гьури. | Гьум.19-20 | 1 |
| 5. | ХЪазги церги. | Гьум .26-27 | 1 |
| 6. | Сундуе щиб бокьулеб? | ГЬУМ.27-28. | 1 |
| 7. | Сулахъ. | Гьум.43 | 1 |
| 8. | Эркенлъи. | Гьум.47-48. | 1 |
| 9. | Квенги рат1лидаго релълъараб бук!ун батила. | ГЬУМ.48-49. | 1 |
| 10. | Макьилъ. | Гьум.54. | 1 |
| 11. | Ц!акъаб дару. | Гьум.59-60. | 1 |
| 12. | Мурад х!инкъуч гуро. | Гьум .61-63 | 1 |
| 13. | Хасалил гьури. | Гьум.69. | 1 |
| 14. | Ц!ияб сон. | Гьум.70-71. | 1 |
| 15. | Хасел. | Гьум.74. | 1 |
| 16. | Маг!арухъ хасел. | Гьум.75-77. | 1 |
| 17. | Гьабго кинаб г!алхул х!айван.? | ГЬУМ.77-78. | 1 |
| 18. | Рохьоб хасел. | Гьум.79-80. | 1 |
| 19. | Ц!алдохъанасде кагъат. | Гьум.88-89. | 1 |
| 20. | Чанк!к!араб къадако. | Гьум.90-91. | 1 |
| 21. | Гьале дун к!удияв г!ун вуго. | Гьум.92-93 | 1 |
| 22. | Кицаби ва абиял. | Гьум.98. | 1 |

**Календарно-тематический план по родному чтению для 3 класса**

| № урока | Тема урока | часы | Дата | | Домашнее задание | Новые слова |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | план | факт | | |
| **Рии (4 саг1ат)** | | | | | | |
| 1 | Хабар «Риидал муг1рузда » кеч1 «Рии рак1алде щвей». | 1 | 4.09 | 4.09 | гь.6-9 ц1ализе | Г1алимчи, хазина |
| 2 | Хабар «Нуралъул к1амури» «Лъар щвей» | 1 | 11.09 | 18.09 | гь.13-16 лъазабизе | Рахълъен, пинхъи,раххан |
| 3 | М. Гунащев «Г1ухьбузул ц1адухъ» кеч1. | 1 | 18.09 | 25.09 | Гь.19 лъазабизе | Лъарамухъ,хъош, михир |
| 4 | «Мокъокъил т1анч1и» Ш.Э.Мурадов «Муг1рузда сордо» | 1 | 25.09 | 2.10 | гь.20-24 ц1ализе | Богогьан, рихьах1арал, таваккал |
| **Т1абиг1ат ц1уни – Ват1ан ц1уни (3 саг1ат)** | | | | | | |
| 5 | Ф.Г1алиева «Дагъистаналда» «Т1абиг1ат ва нилъ» Пришв. | 1 | 2.10 | 9.10 | Гь.28-29 ц1ализе | Беричаб,сангар |
| 6 | А.Мух1амаев «Х1анч1и нилъер гьудулзаби руго» | 1 | 9.10 | 16.10 | Гь.33 бицине | Чинари, гъамилал,чит1ир |
| 7 | И.Утарбиев кеч1 «Хириял х1анч1и», «Гъарц1и». | 1 | 16.10 | 23.10 | Гь.35 лъазабизе | Сухъмахъ, хъинс |
| **Меседилаб хасалихълъи (6 саг1ат)** | | | | | | |
| 8 | М.Мух1амадов «Хасалихъе росулъ», «Хасалихълъи». | 1 | 23.10 | 30.10 | Гь.42-44 ц1ализе | Ч1ук1наяб, къобух1арай |
| 9 | М.Насрулаев «Хасалихъе къаси мех», «Росулъ». | 1 | 30.10 | 9.11 | Гь.50-54 ц1ализе | Моч1у,х1охъ, гизма, ч1инч1у |
| 10 | «Ч1ух1араб гагу». «Т1амах» Г1абасил Мух1амад. | 1 | 13.11 | | Гь.59-63 ц1ализе | Пакъир,гъиз, хъарт1ан |
| 11 | М.Хириясулаев «Г1андадерил х1орихъ» | 1 | 20.11 | | Гь.63 бицине | Бегавул,шагьи ,болъо |
| 12 | Н.Г1исаев «Бокьула мун дие, муг1рузул т1алъи». | 1 | 27.11 | | гь.100-101 лъазабизе | Г1унун,г1андарак, бац1изе |
| 13 | М.Мух1амадов «К1иго г1еч» «Маг1арухъ хасалихълъи» | 1 | 4.12 | | гь.117-118 ц1ализе | Гвангва,рук1к1би, |
| **Лъималазул г1умру ва гьезул ишал (3 саг1ат)** | | | | | | |
| 14 | Ц1алдохъабазде Ц1адаса Х1амзатил хит1аб. «Гьудуллъи» | 1 | 11.12 | | гь.91-93 бицине лъазе | Хошгелди,яшав,жа, т1орщел |
| 15 | С.Увайсов «Марьям кант1арай куц». «Операция» | 1 | 18.12 | | гь.97-102 ц1ализе | Ч1уч1адилаго, т1ираби |
| 16 | «К1ух1алав ц1алдохъан» «Бихьиназул х1алт1и». | 1 | 25.12 | | гь.105-115 бицине | Парчаби,х1анкъва |
| **Ц1орораб хасел (2 саг1ат)** | | | | | | |
| 17 | Г1.Шейхов «Хасел» «Хасало г1орихъ» | 1 | 15.01 | | Гь.126 лъазабизе | Х1асрат,гьеле гьараб |
| 18 | И.Утарбиев «Лъималазе | 1 | 22.01 | | Ц1ализе | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | хасел хирияб буго» «Гьобол» | | | | гь.129 лъай | |
| **Халкъалъул к1алзул гьунаралъул асараздасан (2 саг1ат)** | | | | | | |
| 19 | Васазе ва ясазе кинидахъ ах1улел. Бищунго к1удияб бечелъи. | 1 | 29.01 | | гь.147-148 лъазабизе рек1ехъе | Зирхун,гъегъ, март1, гурхъи,балъ |
| 20 | Маргъа «Бац1ги,циги,церги» | 1 | 5.02 | | гь.154 ц1ализе | Г1ук1дул к1анц1ун,лъи лъаризе |
| **Рекъел ва гьудуллъи (2 саг1ат)** | | | | | | |
| 21 | Ц1.Х1амзат «Рагъ ва рекъел» «Лъик1ав гьудул» | 1 | 12.02 | | Гь.161 лъазабизе | Жавгьар,рохь дохьан |
| 22 | Н.Г1исаев «Цадахъ рекъон бугеб лъик1» «Микки» | 1 | 19.02 | | Гь.163 ц1ализе | Кьаву,къебелъ и |
| **Рохалилаб их (5 саг1ат)** | | | | | | |
| 23 | Ц1.Х1амзат «Их» Г1.Хачалов «Т1абиг1аталъул байрам» | 1 | 26.02 | | Гь.176-177 лъазабизе | Икъбал, лъалиниса, къади |
| 24 | Х1.Гъазимирзаев « Ихги бачун милъиршо» | 1 | 5.03 | | Гь.179 ц1ализе | Гьужум,къиса с,макру, аскар |
| 25 | Р.Х1амзатов «Эбелалде» «Эбелалъул праздник» | 1 | 12.03 | | Гь.180-182 ц1ализе | Бегзаби,чабхъад улал, гъулдул |
| 26 | З.Батирова «Т1оцебесеб ц1ад» «Лъарах1инч1» | 1 | 19.03 | | Гь.184-186 Ц1ализе | Талавурчаг1и, чалма, Лъарах1инч1 |
| 27 | М.Мух1амаев «Ихдалил къо» Д.Х1-Дибиров «Милъиршаби | 1 | 2.04 | | Гь.189 лъазабизе | Зирхун,март1, руккалида |
| **Эркенлъи ва зах1мат (3 саг1ат)** | | | | | | |
| 28 | Ф.Г1алиева «Чед» «Чурпа» | 1 | 9.04 | | Гь.196-197 лъазабизе | Лут1,г1ебу, |
| 29 | М.Мух1амадов «Ихдал ахикь» Г1.Хачалов «Бечелъи» | 1 | 16.04 | | Гь.202-206 ц1ализе | Хьиру,лъини, инсан |
| 30 | М.Шамхалов«Маг1арула й» Хириясулаев «Гьат1ан къо» | 1 | 23.04 | | Гь.210-213 ц1ализе | Парчи,буюрух ъ |
| **Ват1ан ч1ух1арал бах1арзал (4 саг1ат)** | | | | | | |
| 31 | Х1.Х1ажиев «Гьеб маялъул къоялъ» «Хвалчен» | 1 | 30.04 | | Гь.216-222 ц1ализе | Х1урмат-хъатиралда, вазир |
| 32 | «Бергьенлъиялъул къо – 9 май» «Саг1аду» Р.Х1амзатов | 1 | 14.05 | | С.217 ц1ализе | Щуг1аркьелаб ц1ва |
| 33 | «Гьунисан чвахулеб лъарахъ г1енекке» «Дандч1вай» | 1 | 21.05 | | Гь.227 лъазабизе | Къажарал,шаг ь, машгьурав |
| 34 | Р.Х1амзатов «Ват1аналъул х1акъалъулъ пикраби» | 1 | 28.05 | | Гь.233 ц1ализе | |

# Курсалъул материал

### ГІенеккун (гІинтІамун) рагІараб жо бичІчІизе бажари (аудирование)

ГІинда рагІараб цогидазул калам бичІчІи. Цогидас цІалулеб асар гІенеккун дандрекъон кколеб хІалалъ бичІчІи. ГІенеккун рагІараб асаралда тІаса лъурал суалазе жавабал кьезе бажари, лъугьа-бахъиналъул тартиб чІезаби, рагІараб каламалъул мурад бичІчІи, гІенеккун рагІарал гІелмиялгин нахъгІунтІиялъулал ва художествиял асаразда тІаса суалал лъезе бажари. Авторасул стилалъул хаслъиялдаги каламалъул пасихІлъиялдаги хадуб халкквезе бугеб бажари цебетІезаби.

### ЦІали

*РагІизабун цІали.* РагІабазулъ слогал ва хІарпал гьоркьор риччачІого ва гьел ругеб бакІ хисичІого, рагІаби, предложениял ва текстал бичІчІун, битІун цІали. Слогалккун цІалиялдаса байбихьун дагь-дагьккун бичІчІун, битІун тІуранго рагІаби ва рагІабазул дандраял цІали; классалдаса классалде, тІубараб текст бичІчІуледухъ, цІалиялъул хехлъи цІикІкІинаби. КІудияб гуреб, гьитІинаб текст пасихІго цІали: цІалулаго битІун абиялъул ва интонациялъул нормаби цІуни; цІалиялъул мурад бичІчІи, цІалулев чиясул цІалараб асаралдехун бугеб гьоркьоблъи бихьизабизе бажариледухъ, интонациялдаса ва цоцазулгун бухьен гьабизе цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон хІинцлъизабун (хьадарлъизабун) яги хехлъизабун цІалиялъул темпалдаса пайда боси. Интонацияги цІунун, батІи-батІиял тайпаялъул предложениял цІали. БатІи-батІиял текстазул магІнаялъулал хаслъаби ричІчІи ва интонациялъул кумекалдалъун гьел рихьизари. КІудияб гьечІеб текст живго жиндаго чІун пасихІго цІализе бажари (цІалулаго данде кколеб гьаракь-бакъан ва хехлъи (темп) тІасабищизе, логикияб ударение битІун лъезе, лъалхъи гьабизе).

*Сасун цІали.* Жанраялъул ва кІодолъи-гьитІинлъиялъул рахъалъ ричІчІизе бигьаял асарал рагІизабун цІалиялдаса дагь-дагьккун сасун цІалиялде рачІин. ЦІалараб тексталъул магІна бичІчІи. ЦІалиялъул тайпа чІезаби: лъазабиялъул, лъай-хъвай гьабиялъул ва тІасабищиялъул; тексталъулъ къваригІараб информация балагьи, гьелъул хаслъаби ричІчІи.

### БатІи-батІиял текстазда тІад хІалтІи

Малъарал асаразул, лъугьа-бахъиназул тартиб чІезаби. Жидецаго текст магІнаял бутІабазде биххи, мугІалимасул кумекалдалъун гьезулъ цІикІкІун кІвар бугеб бакІ

балагьи. ТIубанго текстальул ва гьельул щибаб бутIаялъул аслияб пикру загьир гьаби, гьезда цIар лъей.

МугIалимасул кумекалдалъун малъарал (цIаларал) асаразул план гIуцIи. Планалда рекъон мухIканго, гьоркьоса бищун, къокъго яги гIатIидго, хIасил бицин. Хабариял, сипатиял ва пикруял текстал гIуцIи ва каламалъулъ гьездаса пайда босизе бажари.

Гара-чIварияльулъ гIахьаллъи: лъурал суалазе жавабал кьезе, цо чIванкъотIараб темаялда тIаса кIалъазе, гьалмагъзабазул кIалъаялъухъ гIенеккизе бажари.

Жидеца цIалулеб текстадда жаниса ричIчIуларел рагIаби ва предложениял ратIарахъи, гьезул магIна мугIалимасда цIехей.

Диафильм хIисабалда малъараб (цIалараб) текстальулъ кколел лъугьа-бахъиназул тартибалда суратал церечIезари.

Жидерго халкквеялъул, цIалдохъабазул гIумруялъул хIакъалъулъ хабар бицин.

Хабар бицунаго, синонимаздаса, сипатиял рагIабаздаса ва предложенияздаса пайда боси.

Героязул, тIабигIаталъул, лъугьа-бахъиназул сипат-сурат бихьизаби, авторас хIалтIизарулел рагIаби ва предложениял текстальулъ жидецаго рати.

МугIалимасул кумекалдалъун малъарал асаразулъ лъугьа-бахъиназе ва героязул ишазе битIараб къимат кьей.

Каламалъул гьаркьилаб культура камиллъизаби, литературияб къагIидаялда рекъон рагIаби аби.

Халкъиял асараздаса литературиял асарал ратIа гьари.